# Пән: Экономикалық билим тийкарлары 8-класс

**Сабақтың темасы:** Ақшаны үнемлеп жумсайық.

**Сабақтың мақсети:**

**Билим бериўшилиги:** Оқыўшыларға ақша, ақшаның атқаратуғын хызмети, ақша айланысы ҳаққында түсиник бериў;

**Раўажландырыўшы:** Оқыўшылардың билиў қәбилийетин логикалық тапсырмалар арқалы раўажландырыў;

**Тәрбиялылығы:** Мийнет сүйиўшиликке, уқыплылыққа тәрбиялаў.

**Сабақтың түри:** Пикирлесиў, сәўбетли сабақ.

**Сабақ усылы**: Сораў–жуўап, түсиндириў

**Сабақтың барысы:**

**I. Шөлкемлестириў.**

**II. Үйге тапсырманы сораў.**

Валюта даген не? Миллий валюта деген не? Ақша деген не?

Табыс деген не? Қәрежет деген не? Бюджет деген не?

**III. Үй тапсырманы толықтырыў.**

***Валюта*** –белгили бир мәмлекетте пайдаланылатуғын нызамлы мәмлекетлик миллий ақша бирлиги.

***Миллий валюта*** – белгили бир мәмлекетке тийисли болған ақша бирлиги.

***Ақша*** – товар ямаса хызметлер ушын төлем функциясын әмелге асырыўға арналған универсал алмастырыў куралы.

**IV. Тийкарғы бөлим.**

***1 тапсырма. Ақша ҳаққында қандай нақыл –мәтел билесизлер?***

**Ақшаның қуны менен қәсийетин билдиретуғын 7 принципи.**

**1.** Мал - баққанға, ақша – ҳадалдан тапқанға буйырады.

**2.** Ақша ҳаққында ҳарам ойдың өзиде зыян

**3.** Алақан қолым – береген. Үстемелеп берсеңиз, үстемелеп аласыз.

**4.** Қайырқомлық пенен айналыссаңыз, шығынның қайтарымы мол болады.

**5.** Басы артық дүньяныңызды басқаларға бериңиз. Алғысының күши ақша болып қайтады.

**6.** Жан ашыўлық еткенди Жаратқан Алла қоллайды. Биреўге бәрқулла жәрдем берип тур.

**7.** Исламдағы пәризлердиң бири садақа, сақаўат, оны умытсаң өзиңди умытқан боласаң.

**Сабақлық пенен жумыс: 20 бет. Ақшаны ақылмен жұмсайық.**

***Логикалық тапсырмалар:***

Сатып алмас бурын, алды менен не керек?

Егер артық ақшаң көп болса не ислер едиң?

Ақшасыз саўда болыўы мүмкин бе?  Болса қандай?

Ақшаның қандай түрлери бар?

***Оқыўшылардың  пикирин тыңлаў.***

Бизлер ҳәмме ўақыт «ақша қолдың кири» деген ойда жүремиз. Бәрибир күнделикли турмыс ушын ақша керек бола береди. Яғный ақша тиришиликтиң гиреўи. Адамлар ақша табыў ушын мийнет етеди. Мийнет етиў арқалы табылған ақшаны дурыс жумсап билиўимиз керек болады. Айырым адамлар мийнет етиў

арқалы тапқан ақшаларын ойын-күлкиге, ишип-жейиўге, арақ-шарап ишиўге жумсайды. Усындай жағдайда тапқан ақшаларымыздың берекети кетеди. Егер ақша айланысы болмаса онда товар айланысы да болмайды. Ақша көринисинде берилген товарлардың қуны баҳа деп аталады. Экономиканы жүргизиўде ақша тийкарғы орында турады. “Ақша – улыўма бирдей эквивалент” , “Ақша – экономиканың қаны” , “Ақша қарым қатнас қуралы” , “Ақша – мийнет өлшем бирлиги” , “ Ақша адамзаттың уллы дөретиўшилиги” “Ақша байлық топлаў қуралы” деп атаўымызда орынлы.

Ақшаның төменде бес функциясы бериледи:

1. Ақша товар алмасыў қуралы
2. Ақша қун өлшем бирлиги
3. Ақша байлық топлаў қуралы.
4. Ақша қарым-қатнас қуралы
5. Ақша төлем қуралы

**Ақшаның пайда болыў тарийхы:**

Әййемги дәўирлерде адамлар алды-сатды жағдайын пайда етиў ушын ислеп шығарған өнимлерин айырбаслаў жолы менен саўда сатық жумысларын алып барған. Өзлери өндирген товарлар ақша ўазыйпасын атқарған. Мысалы: греклерде, римде, славянларда, монголларда – қара мал, Россияда, Скандинавияда – аң терилери, Қытайда – чай өнимлери, Мисрде – бийдай, Африкада – жемчуглар, Индияда – пил суйеклери ақша ўазыйпасын атқарған.

Адамлар металды қайта ислеўди үйренгеннен соң метал ақшалар пайда болды. Бизиң эрамызға шекемги 3 әсиринде хунну қәўим адамлары ақша орнына гүмис пишақлардан пайдаланған. Бизиң эраның 1 ши әсирине келип адамлар салық есабына гүмис қуймаларды төлегенлигин көремиз. Дешти Қыпшақта 6-8 әсирлерге келип безетилген қуйма теңгелер ислеп шығарады. Кейинала 812 жылы ең

биринши рет Қытайда қағаз пуллар ислеп шығарыла баслады. 1994 жылы Өзбекстан Республикасы 1 июль күни өзиниң миллий валютасы сўмды жәриялайды ҳәм айланысқа киритеди.

**<u>Ақша ҳаққында иримлар:</u>** Ақша жансыз қағаз болыўына қарамастан, оның сезимталлық қәсийетиде бар. Ақша ҳаққында бир қанша иримлар адамлар ортасында елеге шекем даўам етпекте. Мысалы: адамлар азанда шай кесесине биринши шай қуйғанда көбик шықса демек, сол күни ақша алатуғынын, түстен кейинги шай кесесине көбик түссе ақша кетиўин болжайды. Ал, айырым адамлар оң алақаны қышыса, ақша аламан, шеп алақаны қышыса ақша жумсайман екен деген көз-қарасқа келеди. Бундай жағдайлар ермекке де уқсайды. Бизнес пенен шуғылланыўшылар ақшаның физикалық дене емеслигин дәлиллейди, ақшада қызбалық, сезимталлық қәсийетлери бар екенлигин айтады. Олар: «қағаз купьюр менен металл тийинлер (ақшалар) өзлерин қәдирлеп, абайлап қойғанды жақсы көреди. Ақшаның номерлеринде сулыў номерлер менен келген ақша болса, бизнесменлер оны иримға сақлап қояды екен. Сонда адамларға көп пул келетуғынына да исенеди екен. Егер сизиң қолыңыздағы ақшалар тәртипсиз жайласқан болса демек, өзиңизден көриңиз. Сизиң ақшалар тез жумсалып кетеди. Қайырып қойылған ақшасы бар адамларға онша ақша келе бермейди екен.»- дейди бизнес ийелери. Булардың барлығы қызық болжаўлар. Демек, болжаўларға қарап ақшаны дурыс услаўға ҳәрекет етиў керек болады. Айырым адамлар «ақша жоқ» дейтуғын болса, олардың тапқан ақшалары қумға синген суўдай қурый береди екен.

**V. Жаңа сабақты жуўмақлаў.** Экономикалық билим тийкарлары 8 класс. 20-бет.

**2 – тапсырма:** Мәмлекетлик бюджет дегенимиз не? Сизиң шаңарақ бюджети қалай қуралған? Жеке бюджет дегенимиз не? Бюджет дефицити дегенимиз не? Бюджет профицити дегенимиз не? Баланс дегенимиз не? Тапқан ақшасын жумсамайтуғын адамларды не деп атаймыз? Сиз ақшаны қалай ҳәм нелерге жумсайсыз? Семьяңызда ақша қалай жумсалады?

**VI. Баҳалаў.**

**VII. Үйге тапсырма:** 20-бет. Экономикалық билим тийкарлары. «Айырбаслаў ҳәм ақша». «Ақша қалай көп табыўға болады?» темасында шығарма жазып келиў.

**VIII. Сабақты жуўмақлаў.**

## КРОССВОРД
## XXXXX

Төменде келтирилген мәмлекелердиң ақша бирликлерин таблицаның ени бойынша толтырың. Енине табыў нәтийжесинде, тигине берилген атаманы табың.



Швеция

Латвия

Барлық еллердиң майдалаўшы тийини

Индия

Юж. Корея

Австрия

Греция

США

Израиль

Швейцария

Грузия

Румыния

Венесуэла

Таиланд

Иран

Китай

Монголия

Туркменистан